

## TRANSPO ZON WOUT 59 AK ETID ITILIZASYON TE YO—REZIME EGZEKITIF

Etid sou transpò e litilizasyon tè a nan rejyon wout 59 la idantifye epi evalye tout pwoblèm transpò e devlopman e tout rekòmandasyon pou amelyorasyon fiti nan twonson 4.5 kilomètres wout 59 la ki soti depi nan vilaj Airmont nan lès pase pa vilaj de monsey e nan vil ramapo a pou rive chimen south pascack nan vilaj spring valley la. Lè nou melanje separeman tout itilizasyon tè a, nonb wout yo e konjesyon nan koridò te diferansye zòn detid segman lès e lwès yo. Etid la te itilize yon pakèt metòd pou angaje yon kominikasyon nan 2 direksyon ak pati ki konsène yo e piblik ki enterese, ni kat atelye fòmèl nan planifikasyon kominotè, anpil reyinyon sible, anpil sesyon kontekstyèl pandan evènman kominotè e sesyon endividyèl yo. Seyans de sansibilizasyon sa yo te pèmèt yo rekeyi kòmantè piblik la sou kondisyon ki egziste yo. Tout pwoblèm e bezwen ki gen rapò ak mòd transpò a, anplis sou senaryo transpò altènatif e amelyorasyon itilizasyon te ki gen pwoblèm sa yo. Wout 59 la se sèl ramifikasyon Lès-L wès kap desèvi sid nan Konte Rockland lan, de Suffern nan lwès Nyack a lès. Kolektivite adjasant yo nan wout 59 yo pami sa yo ki pi dinamik nan comté Rockland lan. Devlopman rezidansyèl e komèsyal nan wout 59 la te egzèse yon presyon kap monte sou 59 la kòm konjesyon regilyè temwaye an patikilye nan segman ki travèse vilaj yo e vilaj yo ki toujou sèvi sant ekonomik kominotè. Kom popilasyon an ap grandi epi devlopman nan rejyon an fè yon gwo ogmante. Tout deplasman nan lè prese yo yo bezwen pou yo planifye avni wout la nan yon tan ki pi long.

**Divèsite nan itilizasyon tè komèsyal ak rezidansyèl yo nan zòn etid sa a pwodwi plizyè vwayaj lakay ou ak nan espas travay la li sèvi yon varyete fason yo, ak enpòtans moun kap mache a pye. Rezidan yo itilize wout 59 la pou yo achte anpil chak jou epi pou yo vizite plizyè biznis. Rezidan yo itilize wout 59 la tou pou ale travay ak pou sòti nan travay, yo pral fe tout distans la osnon ale nan yon kote ki gen arè transpò piblik sou wout 59 la osnon tou prè a. transpò mache yo kap deplase andedan ak travè rejyon an yo konplike, pandan sikilasyon lekòl la melanje ak anpil moun, anpil machandiz epi fason yo ki gen ladan kamyon yo, otobis yo, machine yo, tren yo, pyeton yo ak bisiklèt yo. Akòz konfigirasyon li yo kòm yon wout paraèl ak wout ki relye lòt eta yo 287 (1-287) ak entèseksyon ki nan sòti 14 la jis rive bò solèy leve (Lès) nan zòn etid la ak nan sòti 14B nan Airmont Road la, wout 59 la bay Aksè limite ki gen yon soulajman pandan peryòd konjesyon yo sou 1-287 (yon pati**

nan sistèm Thryway eta New york la)

Rekòmandasyon yo sou itilizasyon tè yo epi transpò a te devlope pran an kont kòman tè yo ak sijesyon moun kap pale ak piblik la ki entèrese. Rekòmandasyon yo te evalye a travè direktè konte yo epi lokal yo. Osi byen ke plan transpò rejwonal yo ak konte a, diskisyon ak ofisyèl eli lokal yo ak reprezantan nonmen yo, epi nan kad deba yo ak CSC epi PSC. Gen kèk rekòmandasyon yo ki te parèt ki andedan konsèp yo. Gras ak fiti pwopozisyon devlopman te ka evalye ak pran an kont nan yon manyè pi dirab.

Rekòmandasyon rapò yo prezante nan kat kategori-konsepsyon kominote/ pwosesis, wout, bisiklèt. Pyeton ak transpò piblik- pou chak nan twa delè aplikasyon yo: nan yon ti tan pwòch (aplikasyon an nan yon delè senk lanne); nan yon ti tan pa twò long, pa twò kout (aplikasyon an nan yon delè senk a dis lanne); epi nan yon tan ki long (aplikasyon an nan plis pase dis lanne). Rekòmandasyon tan pa twò long, pa twò kout la ak tan ki long idantifye lòt opsyon ki ka mande plis etid detaye osnon yon finansman pi enpòtan poul ka aplike . kominote nan zòn etid la ak ajans transpò kap sèvi koridò a kapab itilize rapò sa a ak rekòmandasyon li yo kòm baz pou plis kowòdinasyon ak diskisyon sou yon lavni dirab pou koridò wout 59 la.

Etid wout 59 la te lanse nan lanne 2019 ak preske tout angajman kominote a ak koleksyon done yo, analiz ak devlopman rekòmandasyon yo te fini anvan Kovid-19 lan te parèt ki kapab lakòz ijans santé piblik la vin yon gwo enkyetid nan zòn etid la. Se pou tèt sa, rekòmandasyon etid la reflekte rezilta yo nan pre-Kovid-19 la ak efò konsyantizasyon epi planifikasyon. Poutan, kòm pandemi kovid-19 la te afekte anpil aspè nan lavi chak jou , sòti nan lekòl rive nan travay pou rive nan sa nap achte yo epi lakay nou, kondisyon transpò yo defini ak analize yo pandan etid la yo te chanje.

Kou yo nan pandemi an ak rekiperasyon ki vin aprè li yo difisil pou planifye nan moman atik sa ap ekri. Depi Mas 2020, lavi kominote nan zòn etid la te chanje radikalman pa lòd ijans ki enpoze distans sosyal ak limite tout aktivite eksepte aktivite esansyèl yo. Pandan ke nati a bay restriksyon lijan sa yo chanje pandan tout tan ki baze sou pousantaj enfeksyon yo te kontwole, kondisyon yo pandan mwa yo ak ane kap vini yo, yo kapab prevwa. Fiti pik nan pousantaj

# ROUTE 59

## Area Transportation & Land Use Study

enfeksyon yo toujou posib ak restriksyon ijans yo pral sere kòm sadwa answit deplasman yo andedan ak zòn etid la kapab chanje pi fò si se pa sa pandan tout peryòd la nan aplikasyon imedyat rekòmasyon etid yo.

Konsidere kondisyon ijans sa yo aplikasyon an nan rekòmasyon yo etid yo pral oblije ajiste selon kondisyon sa yo nan yon ti tan ki pa two long. Kèk aspè nan repons ak ijans santé piblik la, tankou gwo itilizasyon nan teletravay ka gen efè enpòtan sou mobilite ak demand deplasman yo nan tan ki long yo. Sa a se verite tou nan ogmante depandans sou komès elektronik, sa ki lakoz yon ogmantasyon komèsan nan machine komèsyal nan zòn etid pou livrezon yo. Plis enpak ki dire lontan nan pandemi an kapab genyen tou yon enpak enprevisib sou mache byen imobilye yo.

Malgre ensètitud sa a , rekòmasyon yo idantifye pandan pwosesis etid la rete valab pou lavni koridò a . poutan rekòmasyon sa yo ta dwe revise regilyèman pandan tout pwosesis aplikasyon an pou ajisteman yo ka fèt an repons a kondisyon lavni kip aka prevwa kounya.

